

Dyafram ak kapichon pou kòl matris la

Caya, FemCap



Kijan dyafram lan ak kapichon pou kòl matris la yo fonksyone ?



- Dyafram ak kapichon pou kòl matris la yo rete, tankou **yon baryè sou kòl matris la, pou anpeche espèm antre nan matris la.** Yo dwe **utilize l avèk espèmisid**, yon pwodui chimik k ap andomaje espèm lan, pou fè espèm lan pa ka deplase, oswa « naje » kòmsadwa.
- Dyafram yo vini sou **diferan fòm ak mak fabrik.** Yon pwofesyonèl lasante ap **mezire gwosè ki apwopriye pou ou an.** Pou dyafram mak **Caya a, se yon sèl gwosè ki gen pou pifò moun.** Menm si sa, se pou w panse fè yon pwofesyonèl lasante mezire w pou **Caya a**, pou asire w li pral mache pou ou. Ou ka utilize yon dyafram pandan 2 zan.
- FemCap** la se sèl mak kapichon pou kòl matris ki disponib aktyèlman. Gen 3 gwosè, epi yon pwofesyonèl lasante ap **mezire gwosè ki apwopriye pou ou an.** Ou ka utilize kapichon pou kòl matris la pandan 1 nan.
- Dyafram ak kapichon pou kòl matris la mache pou moun ki gen **nepòt pwa, nepòt laj, ak moun k ap fè terapi avèk òmòm, pou afime idantite sèks yo.**

Kijan ou utilize dyafram lan ak kapichon pou kòl matris la ?

mete
avan w fè
sèks

Ou dwe **wè yon pwofesyonèl lasante** (pou pran mezi ak preskripsyon), pou w kòmanse utilize yon dyafram/kapichon pou kòl matris.

Ou dwe utilize yon dyafram/kapichon kòl matris, avan **chak relasyon seksyèl kote gen kontak ant pijon e vajen.**

- Fè yon pwofesyonèl lasante mezire w pou yon dyafram/kapichon pou kòl matris , ak ba ou preskripsyon pou al pran l nan famasi. Achte, (oswa al pran preskripsyon pou) espèmisid la. Lave dyafram/kapichon pou kòl matris ou a, avèk savon ak dlo, avan e aprè ou fin utilize l. Verifye si l pa gen twou, oswa chire. Lave men w. Ranpli kapichon an avèk espèmisid, epi pase espèmisid sou arebò a.
 - Dyafram :** Peze arebò dyafram lan ki gen espèmisid lan, pou w ka pliye l an de. Lè w ap mete dyafram lan, fè arebò ki pliye a vire anfas ou. Pouse l nan kòl matris la. Pou retire l, rale arebò a pou w ka detache li, kote li kole a. Rale l mete l deyò.
 - kapichon pou kòl matris :** Peze arebò yo, fè fil sou bò ki pi long lan vire tounen sou dèyè w, epi antre l. Pouse l nan kòl matris la. Pou retire l, peze tèt la pou w ka detache li, kote li kole a Apresa, utilize fil la, pou w ka rale l sòti.
- Mete yon dyafram/kapichon pou kòl matris, omwens 2 zèdtan avan w fè sèks. **Aprè rapò seksyèl, kite l la pou pi piti 6 zèdtan, pou l ka fè efè.** Ou ka kite dyafram lan pou maksimòm 24 trèdtan, epi kapichon pou kòl matris la li menm pou maksimòm 48 tèdtan. Ou ka fè sèks plizyè fwa avèk li nan kòl matris la, toutotan ou kite omwens 6 zè pase, apre dènye fwa w te fè sèks, avan ou retire l. Chak fwa w ap fè sèks, mete plis espèmisid nan bouboun ou, san w pa retire dyafram/kapichon pou kòl matris la.
- Pinga w utilize yon dyafram/kapichon pou kòl matris, lè ou gen règ ou, paske li ka lakoz sendwòm chòk toksik.
- Si w vin ansent (menm si ou pa fè ptit la), oswa si pwa w chanje, depase 10 liv, yo dwe repran mezi a.



Entimite ak kontwòl

- Ou bezwen yon pwofesyonèl lasante, lè w ap kòmanse utilize yon dyafram/kapichon pou kòl matris, pou l ka pran mezi w ak ba w preskripsyon an. Ou ka deside sispann utilize yon dyafram/kapichon pou kòl matris poukout ou.
- Patnè w la ka remake dyafram/kapichon pou kòl matris la, lè n ap fè sèks, oswa li ka pran gou espèmisid la.
- Yon moun k ap viv avèk ou, oswa ki gen asirans ansanm ak ou, ka wè yon bòdwo asirans ou voye pou ou.
- Yon lòt moun pa p ka wè si w ap utilize metòd sa a. Yon moun ta ka jwenn dyafram/kapichon pou kòl matris, oswa espèmisid ou an.

Lè w kòmanse utilize dyafram/kapichon pou kòl matris la, èske l ap mache imedyatman ?



Wi, dyafram nan ak kapichon pou kòl matris la ap mache, si yo mete l kòrèkteman selon enstriksyon yo, nan chak rapò seksyèl, kote gen kontak ant pijon e bouboun. Si ou utilize l andeyò peryòd tan yo mande a, oswa si yo pa mete l kòrèkteman, li pa p mache.



Dyafram/kapichon pou kòl matris yo gen dwa pa apwopriye pou moun ki ap, oswa kit ap

- Yo gen sendwòm chòk toksik
- Yo gen VIH/SIDA (oswa patnè li)
- Yo gen kansè nan kòl matris
- Yo fè alèji ak silikòn

Lis sa a pa konplè, kidonk pale ak pwofesyonèl lasante w la, sou istwa medikal ou, avan w kòmanse avèk metòd sa a.




Utilize planin an ijans, si

- Ou p at mete dyafram/kapichon pou kòl matris la **nan espas 2 zèdtan apre w fin fè sèks.**
- Ou pa t kite dyafram/kapichon pou kòl matris la rete nan pozisyon li **pou omwens 6 zèdtan, apre w fin fè sèks.**
- Ou pa t utilize espèmisid avèk li.**
- Ou remake li gen yon **twou ladan l, oswa li dechire.**
- Ou gen enkyetid ou pa t **mete li kòmsadwa.**

Èske dyafram ak kapichon pou kòl matris la bon anpil, pou anpeche gwochè ?




Dyafram




An mwayèn, **17 nan 100 moun ki itilize yon dyafram ap tonbe ansent chak ane.** Sa vle di li **li efikas a 83%**, lè yo itilize I nòmalman. Itilizasyon nòmal la konsidere avèk ki fasilité ou ka itilize dyafram lan, chak fwa w ap fè sèks.

Lè w itilize I pafètman byen, ki vle di ou toujou itilize dyafram lan kòrekteman, 16 nan 100 moun ki itilize I yo ap tonbe ansent chak ane. Li efikas a 84%.



Kapichon pou kòl matris



Si w te ansent deja, menm si ou pa t fè pítit la, sa ap gen efè sou kalite rannman kapichon pou kòl matris la.

Pa janm te ansent : An mwayèn, **14 nan 100 moun ki itilize kapichon pou kòl matris yo ap tonbe ansent chak ane.** Sa vle di li **li efikas a 86%**, lè yo itilize I nòmalman. Itilizasyon nòmal la konsidere avèk ki fasilité ou ka itilize kapichon pou kòl matris la, chak fwa w ap fè sèks.

Te ansent avan sa : An mwayèn, **29 nan 100 moun, ki itilize kapichon pou kòl matris yo, ap tonbe ansent chak ane.** Sa vle di **liefikas a 71%**.

Pou plis pwoteksyon pou anpeche gwochè, ou ka itilize yon lòt metòd planin, an menm tan avèk dyafram lan, oswa kapichon pou kòl matris la.



Efè segondè

Enfeksyon ki transmèt nan fè sèks : Yo pa p anpeche yo.

- Si w itilize espèmisid la, plizyè fwa nan yon jounen, e li lakoz iritasyon, li ka rann li pi fasil pou w pran enfeksyon ki transmèt nan fè sèks.
- Itilize kapòt ekstèn oswa entèn yo, pou diminye risk pou w pran tout enfeksyon ki transmèt nan fè sèks yo.

Règ : Pa gen efè.

Kranp, lè w gen règ ou : Pa gen efè.

Pwa : Pa gen efè.

Akne : Pa gen efè.

Ou vin ka fè pítit ankò : Lè w sispann itilize yon dyafram, oswa yon kapichon pou kòl matris, ou ka vin ansent tousuit.

Kèk lòt efè segondè ki posib :

- Enfeksyon nan kanal pipi
- Iritasyon vajinal oswa po



Men kesyon pou w poze pwofesyonèl lasante w la

- E si li sòti, pandan n ap fè sèks.
- Kijan pou m lave I, ak konsève I ?
- Èske m ka itilize I san espèmisid ?
- Èske Phexxi ka ranplase espèmisid la?



Itilizasyon apre akouchman

Li pa bon pou itilize dyafram lan ak kapichon pou kòl matris la **tousuit apre ou fin akouche.** Sou 6 semèn apre akouchman, yon fwa kòl matris la retounen nan gwochè nòmal li, ou ka itilize yo san danje, epi yo pa p gen efè sou bay timoun tete, oswa devlopman tibebe. Pran mezi ankò, apre w fin akouche.



Pran kontak ak pwofesyonèl lasante w la, si ou gen

- Kanal pipi ou k ap brile w, lè w ap pipi.
- Yon gwochè ki pa korèk, oswa li pa kontòtab
- Doulè oswa gratèl nan bouboun
- Likid ki pa nòmal k ap soti nan bouboun
- Siy sendwòm chòk toksik

Tcheke yon gid sou planin, ak papye ki gen enfòrmasyon sou chak metòd planin yo.

